

# KONNEN DWA OU: KISA LOKATÈ YO BEZWEN KONNEN SOU NOUVO PWOSESIS AJISTEMAN LWAYE NYCHA A

Aprè yon pwosè, NYCHA te oblije chanje pwosesis ajisteman pri lwaye li a pou sispann pri lwaye anplis epi pwoteje lokatè yo kont degèpisman. Fèy enfòmasyon sa a eksplike chanjman sa yo.

Anvigè nan dat 23 Janvye 2022, NYCHA te fè chanjman enpòtan nan sistèm ajisteman lwaye li a pou anpeche degèpisman injustifye lokatè NYCHA yo epi asire lokatè yo gen pri lwaye yo redwi lè revni yo bese, yon pwosesis lalwa federal egzije. Dapre lalwa, lokatè yo gen garanti dwa pou yo PA peye plis pase 30% revni kòm lwaye. Anba ou ka wè kèk nan chanjman sa yo:

- NYCHA dwe redwi pri lwaye lokatè yo **nan 60 jou** apre yo fin mande yon “Resètifikasyon Pwovizwa” epi dokimante pèt revni yo. Sa vle di anplwaye NYCHA gen 60 jou pou revize demann ou an. Si nenpòt dokiman ki manke, pwosesis la ka pran plis pase 60 jou.
  - Si ou pa gen dokiman ki montre rediksyon ou nan revni, ou ka **soumèt yon fòm "deklarasyon lokatè"** ke ou ka mande nan biwo jesyon pwojè w la.
  - Si re-sètifikasyon an pran plis pase 60 jou, **kontakte biwo jesyon ou a**.
- NYCHA **pa kapab kòmanse** yon ka degèpisman ki pa peman kont lokatè yo, oswa yon pwosedi revokasyon ki baze sou delenkans lwaye kwonik, **jiskaskè** li fin rezoud demann pou resètifikasyon pwovizwa oswa plent lokatè yo.
  - Sa vle di ke lokatè yo **pa ka degèpi** paske yo pa peye ansyen lwaye yo pandan y ap tann NYCHA kalkile nouvo lwaye yo..
  - Si NYCHA mal kòmanse yon dosye degèpisman pandan yon Re-Sètifikasyon Pwovizwa oswa yon Doleyan Lwaye annatant, li **dwe mete ka a yon poz** jiskaskè yo kalkile nouvo pri lwaye a epi yo bay nenpòt kredi retwoaktif.
  - Anvan yo sèvi yon demann lwaye, NYCHA dwe **asire lokatè a pa gen yon Resètifikasyon Pwovizwa ki annatant**.
- NYCHA dwe **bay avi klè** ak resi **ki gen dat** nan chak etap pwosesis ajisteman lwaye a.



## 917-661-4500

- NYCHA **ka kòmanse** yon ka ki pa peman apre yon lokatè te fè yon **demann resètifikasyon pwovizwa** nan sikonstans sa yo:
  - 14 jou apre demann pwovizwa a fin rezoud; oswa
  - Si ou pa reponn demann NYCHA pou plis dokiman nan 30 jou; oswa
  - Si w mande plis tan pou w soumèt dokiman yo epi NYCHA ba w yon nouvo dat limit ou pa respekte.
  - Asire w li ak anpil atansyon tout enstriksyon ki nan avi NYCHA pou asire w ke demann rediksyon lwaye w la trete kòrèkteman.
  
- NYCHA **kapab tou kòmanse yon ka degèpisman** apre yo fin depoze yon doleyans pou lwaye kont yon lokatè:
  - Si lokatè a di alekri ke li satisfè ak fason yo te rezoud demann lan; oswa
  - 10 jou apre Manadjè Pwojè a oswa Biwo Distri/Borough a pran desizyon sou doleyans la epi yo pa mande okenn odyans; oswa
  - Apre desizyon Ofisyè Odyans lan si yo mande yon odyans.
  
- Diplike demann oswa doleyans pa anpeche yon ka kòmanse. Sa enkli **demann pwovizwa abandone yo**.
  
- Si ou **pa ka jwenn dokiman ou bezwen yo**, mande plis tan!
  
- Si ou **rate dat limit pou w soumèt dokiman yo**, ou gen 30 jou pou w voye yon lèt ak yon eksplikasyon sou rezon ki fè w bezwen plis tan ak dokiman ki nesèsè pou w relouvri demann lan.

#### RESOUS:

- Pou plis **enfòmasyon sou pwosesis resètifikasyon pwovizwa** ak dokiman ki nesèsè yo, tcheke sitwèb NYCHA nan <https://selfserve.nycha.info> oswa Sit entènèt LSNYC nan [www.legalservicesnyc.org/fields](http://www.legalservicesnyc.org/fields).

#### JWENN ÈD LEGAL GRATIS:

- Si w ap chèche konsèy legal oswa si w kwè NYCHA ap vyole dwa w oswa degèpi w enjistis akòz pwosesis ajisteman lwaye a, **rele Sèvis Legal Vil Nouyòk nan (917) 661-4500**.
  
- **REMAK:** Fèy enfòmasyon sa a pa genyen konsèy legal. Chanjman espesifik NYCHA dwe adopte yo nan règleman Fields v. Russ, ke ou ka jwenn nan [www.legalservicesnyc.org/fields](http://www.legalservicesnyc.org/fields).



**917-661-4500**

Sèvis Legal Vil Nouyòk | 40 Worth Street, Suite 606, New York | [legalservicesnyc.org](http://legalservicesnyc.org)

\* Enfòmasyon an se fich enfòmasyon sa a pa konstitye konsèy legal.